# Эпиграф

Аза- азар соназ дир маг1арулаз
Гьаб мац1алъ г1уц1ана маг1арул тарих.
Г1анбар, якъут г1адал к1алзул биценал
Берцинал жидерго жугьабаз кьуна.

Гьаб мац1 дие кьуна муг1рул ч1ужуялъ,
Жиндирго хирияб хазина г1адин,
Эбелалъ жиндийги кьун бук1анилан,
Кьейила дунаги дурго лъимазе

# Дарсил мурад:

**Жакъасеб нилъер дарсил**
**Мурад гьадинаб буго:**
**Малъараб г1ат1ид гьаби,**
**Ц1ияб лъай баян гьаби.**
**Тема такрар гьабила,**
**Г1аламатал рицина,**
**Гьелги гьоркьор ккезарун,**
**Цо-цо харбал г1уц1ила.**
**Бит1унхъвай цебет1езе**
**Хъвавулъ гъалат1 дагьлъизе**

**Ц1ияб лъай кверде босун,**
**Хъвазе т1алаб гьабила.**

**«Цояб гьабулаго, цогиябги к1очон тоге.»**

1. *Щиб жо кколеб морфология?*
2. *Чан каламалъул бут1а бугеб маг1арул мац1алда?*
3. *Жалго жидедаго ч1арал кинал?*
4. *Кумекалъул кинал?*

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1. | | | |
| | | 2. | | | | | |
| | | | 3. | | | | |
| | | . | | 4 | | | |
| | | | 5. | | | | |
| 6. | | | | | | | |

| | | | | | | | |
|---|---|---|---|---|---|---|---|
| | | | | 1.Г | а | р | ц1 |
| | | 2.к1 | у | Л | а | л | |
| | | | 3. з | А | м | а | н |
| | | | | 4.Г | а | м | а |
| | | | 5. с | О | н | | |
| 6.гь | о | б | о | Л | | | |

# Тема:

# Глагол.

**Вач1ана, ц1илъана, къуна.**

# Предметалъул иш яги х1ал бич1ч1изабулел раг1аби ккола **глаголал**

**Глаголал предметалъе щиб лъугьунеб? предметалъ щиб гьабураб? предмет щиб х1алалда бугеб? абурал суалазе жаваблъун рач1уна.**

**Масала: 1. Бакъалъ хинлъи кьуна.**

**2. Харил кьалбал ц1илъана.**

**3.Гьит1инав Т1агьир кьижун вуго.**

**Гьал суалазе жавабал хъвай, глаголаз щиб бихьизабулебали баян гьабе.**

1. Сон дуца щиб гьабураб?
2. Т1абиг1аталда кинал хиса- басиял ккарал?
3. Бат1и- бат1иял х1айваназ гьарулел гьаркьазда ц1арал хъвай.

**Лексикиял г1аламатал**

1.Глаголалъ предметалъ гьабулебниги жибго лъугьунебниги иш бихьизабула.

Масала: Лъар чвахулеб буго

2. Глаголалъ предмет щиб х1алалда бугебали бич1ч1изабула.

Масала: Рагьда гьой бегун буго.

3. Глаголалъул руго жидее г1аммаб г1аламатлъун предметалъул иш бугел бат1и-бат1иял формаби.

Глаголияб ц1ар –бихьи, ц1али, хъвай

Причастие- бихьараб, ц1алараб, хъвараб

Деепричастие- бихьун, ц1алун, хъван

Мурадияб форма – бихьизе, ц1ализе, хъвазе

# Морфологиял г1аламатал

1. Буголъиялъулги гьеч1олъиялъулги форма бук1ин

бук1ана- бук1инч1о

2. Заманалде хиси –

ар.з. ана

бач1.з. ина

гь.з. унев вуго

г1.з. уна

3. Наклонение бук1ин- ана, а, ани, анищ?

4. Бухьараб ва т1адч1араб бук1ин бекьана- бекьарана
5. Такрарлъиялъул форма бук1ин- к1ут1ана- к1ет1ана
6. Жинсиял г1аламатал рук1ин- вач1ана, яч1ана, бач1ана
7. Цолъулги г1емерлъулги форма бук1ин батана-ратана

**Гьал предметиял ц1аразул х1арпал хис- хисизарун лъун, араб заманаялъул глаголал лъугьинаре.**

**Нухъа-**

**нуц1а-**

**накъира-**

**напакъа-**

**накку-**

Синтаксисиял г1аламатал Предложениялда жаниб глагол сказуемоелъун бук1уна.

Масала: Лъар чвахулеб буго чабхил к1к1алахъан.

# Х1ай

# «Бахчараб маг1на»

**1 команда**

**Маг1арул киниялъ г1адин маг1арул чиясул черх лъадаруларо.**

**2 команда**

**Ват1ан ц1унун хварав чи хабалъги ч1аго вук1уна.**

Х1арпал хис- хисизарун, цогидал глаголал лъугьинаре гьал глаголаздасан.

Абизе-

багьизе-

кьеризе-

жиризе-

# Рухьарал ва т1адч1арал глаголал

**Бухьараб** – иш цо предметалдаса цоги предметалде т1аде кколеб бук1ин бич1ч1изабулеб .
Масала:
**Набица  т1ехь ц1алана.**
**Ц1а бакана**
иш гьабун буго цо пуланав чияс
Бухьараб глаголалъ  предл- да жаниб бит1 дополнение т1алаб гьабула
Дие Ват1ан бокьула.

**Т1адч1араб глагол** – иш цоги предметалде т1аде кколеб гьеч1они.
Масала:
**Бакъ баккана**
**Ц1а рек1ана**
иш лъугьун буго жибго

**Цо-цо глагол бухьараблъунги т1адч1араблъунги бук1уна.**

**Масала:**

Дун къанщана ( иш лъугьун буго жибго)

Дица берал къанщана (иш гьабун буго)

Гьединаб куцалъ, глаголал лъабиде рикьизе бегьула:

**1. бухьараб- хъвана, ц1алана**

**2. т1адч1араб – г1орц1ана, вакъана**

**3 бухьараб ва т1адч1араб – реч1ч1ана, бахъана**

## Дарсил х1асил гьаби.

1. Сунда абулеб глагол?
2. Кинал г1аламатал рук1унел глаголалъул?
3. Маг1арул мац1алда чан заман бугеб глаголалъул?
4. Жинца гьабулеб ишалде балагьун глаголал кинал рук1унел?

**Рокъобе х1алт1и.**

**Гьал глаголалги гъорлъе ккезарун предложениял ургъе.**

# Баркала